



WESTBURY PUBLIC SCHOOLS

BUILDING A FUTURE-READY DISTRICT

ENFÒMASYON POU VOTÈ YO

DAT, LÈ E KOTE

Dat: madi 15 me 2018*

Lè: 6:00 a.m. a 9:00 p.m.

**Kote: Lekòl Dryden Street, Lekòl Park Avenue,
Lekòl Drexel Avenue e Lekòl Mwayen Westbury**

** Tanpri sonje: Vòt 2018 Referandòm Bond la ap fèt nan menm jou a, menm tan e nan menm kote yo ye kòm eleksyon bidjè anyèl Distri a e eleksyon manm Konsèy la.*

KALIFIKASYON

- Ou dwe yon sitwayen Ameriken.
- Ou dwe yon rezidan nan Distri Lekòl Westbury pou omwen 30 jou anvan vòt la.
- Ou dwe gen omwen 18 an depi 15 me 2018.
- Ou dwe anrejistre avèk Komisyon Eleksyon Nassau County pou vote nan eleksyon jeneral OUBYEN ka anrejistre ak Distri Lekòl Westbury, oubyen ou te vote nan yon eleksyon lekòl nan dènye kat ane yo.

Pou moun ki pa deja anrejistre, enskripsyon pou 15 me 2018 Referandòm Bond la pral nan madi 8 me 2018 2:00 p.m. - 8:00 p.m. nan Lekòl Dryden Street, Lekòl Drexel Avenue, Lekòl Park Avenue e Lekòl Mwayen Westbury.

BILTEN VÒT ABSAN YO/ BILTEN VÒT PA KORESPONDANS

Premyeman ou dwe jwenn e soumèt yon aplikasyon pou bilten absan ou; apre grefye distri a resevwa li, yo pral ba ou yon bilten vòt pa korespondans.

Nenpòt moun ki elijib pou vote, men ki andikape oswa ki pa nan Westbury pou vòt la ki madi 15 me 2018, ka mande yon aplikasyon pou yon bilten vòt pa lapòs lè li rele biwo grefye distri a nan 516-874-1828.

Si votè a vle resevwa bilten vòt pa korespondan an, yo dwe ranpli aplikasyon an epi retounen li nan grefye distri a sèt jou avan vòt la-madi 8 me 2018. Si yo pote aplikasyon an bay grefye distri a an pèsòn, li dwe resevwa pa pita pase 5:00 p.m. nan jou anvan vòt la-lendi 14 me 2018.

Tout bilten vòt pa korespondan yo dwe delivre nan biwo grefye distri a pa pita pase 5:00 p.m. nan jou vòt la-madi 15 me 2018.